



Pou Piblikasyon Imedya: 04/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON OGMANTASYON NAN SÈVIS METWO PANDAN JOU SEMÈN

***Dezyèm faz amelyorasyon sèvis metwo ki enkli nan Bidjè Eta a ap kòmanse lendi, sa k ap ogmante frekans sèvis C pandan jou semèn***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a amelyorasyon sèvis metwo MTA k ap vini yo apati lendi 7 out. Dezyèm faz [yo te anonse deja](#) ogmante sèvis jou semèn sou liyC pral ogmante frekans ak tren midi k ap arive chak uit minit olye pou yo rive chak 10 minit. Yo prevwa apeprè 800,000 pasaje pral benefisye chak jou lasemèn nan amelyorasyon sèvis yo ki fèt posib gras ak plis finansman nan Bidjè Eta New York pou Ane Fiskal 2024 la.

"Avèk sèvis tren pi souvan, Nouyòkè yo ka santi yo gen konfyans ke pa gen pi bon fason pase MTA pou yo ale kote yo bezwen ale, menm odela lè tradisyonèl vwayaj yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gras ak finansman ki soti nan Bidjè Ane Fiskal 2024 la, nou kapab reponn ak bezwen pasaje yo epi kenbe vil la an mouvman - anwo ak anba tè."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare,** "GWO remèsiman a Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta a paske yo te koute apèl pou ogmante sèvis mewa pou satisfè bezwen pasaje yo apre pandemi an. Se pa tout moun k ap vwayaje nan lè okie yo, epi sèvis metwo ki pi frekante pandan tout jounen an – ak lannwit lan – pral pi byen konekte Nouyòkè yo ak Broadway, ak edikasyon, ak tout kalite lwazi, ak tout bagay Vil la gen pou ofri. Avèk finansman sa a ki soti nan Bidjè Eta a, MTA a kapab mennen prèske yon milyon pasaje kote yo bezwen ale pi vit."

**Prezidan Transpò Komen Vil New York (New York City Transit) la, Richard Davey, te deklare,** "Ogmantasyon sèvis se youn nan pi gwo priyorite pou kliyan nou yo, epi amelyorasyon sèvis pandan jou semèn sa yo pwouve ke nou ap koute enkyetid pasaje yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta a paske yo rekonèt enpòtans pou amelyore sèvis tren an pou atire plis kliyan ankò nan sistèm nan."

**Demetrius Crichlow, Vis Prezidan Prensipal Metwo, Transpò Vil New York (New York City Transit), te deklare,** "Objektif amelyorasyon sèvis sa yo se pou ogmante

sèvis nan zòn ki rekipere pi vit pase lè vwayaj tradisyonèl yo. Nou pral kontinye kontwole tandans yo pou asire n ap bay pi bon sèvis posib pou pasaje nou yo."

Amelyorasyon sèvis tren yo te planifye yo konsantre sou peryòd nan moman ki pa chaje yo kote kantite pasaje nan metwo deja rekipere nivo ki pi wo pa rapò ak nivo debaz anvan pandemian. Kantite pasaje nan metwo an jeneral kontinye rekipere, ak kantite pasaje ki peye jou semèn ki alantou 65% a 70% pa rapò ak nivo debaz anva COVID la. Dènye tandans lan montre 3.5 milyon pasaje an mwayèn jou semèn nan mwa jiyè.

Transpò Vil New York te eksplore kote sèvis adisyonèl ki pa pi gwo yo ta gen plis benefis, li konsantre sitou sou liy ki gen frekans tren ant 10 a 12 minit pandan lè ki pa chaje yo. Yo te pran travay ki te planifye an konsiderasyon lè amelyorasyon sa yo te planifye pou asire ke eta kritik travay reparasyon ak travay imobilizasyon pa ta afekte.

Premye faz nan sèvis wikenn ogmante sou liy **G, J, ak M**, sa k ap ogmante frekans sou twa liy yo ak tren ki rive chak 8 a 10 minit olye pou yo rive chak 10 a 12 minit, te kòmanse dimanch 2 jiyè.

**Senatè Eta Brad Hoylman-Sigal te deklare**, "Nouyòkè yo te mande sèvis tren pi souvan, e jodi a, n ap bay sèvis la. Elektè mwen yo pral jwi 20% pi souvan yon sèvis midi nan tren C a gras ak nouvo investisman mwen te fyè pou m sipòte nan Bidjè Eta a. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Prezidan MTA Lieber dèske li rapidman enpleman amelyorasyon sèvis sa yo ak Lidè Majorite Sena Stewart-Cousins ak Lidè Majorite Adjwen an Gianaris paske yo te goumen pou jwenn finansman pou amelyorasyon yo nan bidjè a. Avèk sèvis pi souvan, mwen gen konfyans ke nou pral wè plis kantite pasaje ak satisfaksyon pasaje yo ak MTA a, epi mwen pa ka tann plis amelyorasyon sèvis nan distri mwen an nan fiti pròch."

**Senatè Eta Andrew Gounardes te deklare**, "Ogmantasyon sèvis yo anonse jodi a pral fè yon diferans enpòtan nan lavi prèske 1 milyon Nouyòkè — paske New York se pa yon vil ki kanpe andeyò lè ki chaje yo. Se poutèt sa nan bidjè ane sa a, mwen menm ak kòlèg mwen yo ki nan Albany te goumen anpil ansanm ak defansè transpò piblik yo pou asire yon investisman tankou sa a jodi a te fèt nan yon sèvis nan lè ki pa chaje".

**Manm Asanble Daniel O'Donnell, te deklare**, "Nouyòkè konte sou yon sistèm transpòtasyon fyab epi solid pou mennen yo kote yo bezwen ale, epi sa se yon etap enpòtan nan direksyon sa a. N ap asire nou bay NouYòkè sèvis pi souvan lè yo plis bezwen li."

**Manm Asanble Jo Anne Simon te deklare**, "Pasaje metwo nan lè ki pa chaje yo fè eksperyans sèvis ki mwens frekant epi ki pa fyab. Ogmantasyon frekans sou liy **C** pandan lè ki pa chaje yo pral rann metwo nou an pi ekkitab, fè pasaje yo ale nan travay yo ak destinasyon yo yon fason ki pi efikas. Li pral tou redwi foul moun nan metwo yo pandan lè ki chaje yo epi li pral atire plis pasaje ki evite lè ki pa chaje yo. Mèsi, MTA, paske w priyore amelyorasyon sa a ki nesèsè anpil la."

**Prezidan Minisipalite Brooklyn lan, Antonio Reynoso, te deklare,** "Ogmantasyon sèvis sou liy C a pral ede moun Brooklyn ak Nouyòkè yo ale ak soti nan destinasyon pa yo avèk fasilite ak rapidite. èsi Gouvènè Hochul, Lejislati Eta a, ak MTA paske yo rekonèt enpòtans liy C a epi mete ann aplikasyon chanjman eksitan ak enpak sa yo nan mwa out sa a — yo pral enpòtan anpil pou Nouyòkè yo."

**Manm Konsèy Lincoln Restler te deklare,** "Nan New York, chak minit konte epi tan datant tren **C** yo souvan long yon fason penib. Mwen tèlman kontan ke Nouyòkè yo pral byento benefisye sèvis liy C ki pi frekante a. Mwen bat bravo pou MTA pake li bay priyorite ak sèvis ki pi frekante ak pi fyab."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)